Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 19 (7575)
20 апрель
хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Ккурал кIалал къабуллъаги!



**ХIурматиял районцоял!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда Рамазан моцIалъул кIал ккеялъул моцI ахиралде щвей. Нужер киназулго ккурал к1алал къабул гьарун ратаги. Хадусел соназдаги Аллагьасул рахIматгун баркат рештIунел кIалал тартибалда кквезе сахлъиги къуватги кьеги!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

2I апрель-самоуправлениялъул Къо

## Шамильхъала-нилъер чIухIи

**МугIрузда къанагIатаблъун кколеб шагьаралъул къагIидалъ бараб Шамильхъала поселок ккола Унсоколо районалъул гIадамазул чIухIи. Гьеб бана Рихьуни ГЭС балез ва гьанже районалъул гIадамаз гьениб рахIатаб гIумро гьабулеб буго. Поселокалъул бугеб ахIвал-хIалалъул рахъалъ жакъа нижеца гара-чIвари гьабуна поселокалъул администрациялъул бетIер МаллахIусен ХIажиевасулгун.**

- Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялдалъун ва кумекалдалъун кинабго гьабулеб буго поселокалда гIумро гьабулезул гIумро-яшав лъикIлъиялъе. Лъалеб букIахъе поселокалда лъун буго лъималазе гIурал санагIалъаби ругеб парк, гьенир жеги тIаде хIалтIаби гьаризе руго. Киналго жанисел нухазда тIун буго хъил, киса-кирего гьаруна санагIалъаби. РакIалда буго гьелъул цIакъго рорхатал рукъзабазул подъездазде лифтал лъезе. Гьаб соналда жаниб хIисабалде босун буго поселокалъул мажгиталда сверухъги хъил тIезе.

Нухмалъиялъул унтараб суал буго поселокалда лъел бугеб хIал. Станция бугеб бакIалда сверухъ араб сонalда гIемераб хIалтIи гьабуна, амма гьеб суал жеги роц1ун гьечIо. ХIажат буго насос хисизе. Гьеб мурадалда гIарацги лъун буго. РакIалда буго лъел захIмалъаби рахъиялъе, лъим бацIцIад гьабулеб сооружениялъул рахъалъ чара гьечIел хIалтIаби гьаризеги. Гьелдасаги захIматаб суаллъун гьабсагIаталда хутIулеб буго канализациял хун ракьулъе рецIцIулел рукIин. Хадусел санazда чара гьечIого тIаделъизе ккола гьезул бугеб ахIвал-хIал хисизабиялда тIад.

Жакъа самоуправлениялъул хIалтIухъабазул байрам баркизе бокьун буго киналго гьеб бутIаялда хIалтIулезда ва дирго хIалтIухъабазда!

## Хирияб ракьалда -ифтар




I5 апрелалда Дагъистан Республикаялъул БетIер Сергей ГIалимович Меликовас Унсоколо районалда бугеб Дагъистаналдаго хирияблъун рикIкIунеб «АхIулгохI» мемориалияб комплексалда аскIоб, Украиналда унеб спец-операциялда хурхун ифтар тIобитIана.

Бакъанил гIужалда Ах1улгох1да дандбит1араб мажгиталде ракIарун рукIана рикIкIен гIемерал районалъул ва Дагъистаналдасаго гIадамал. АхIун рукIана СВОялда васал гIахьаллъулел ва гьенир чIвараэул эбел-эмен, гIагарал. Ифтар тIобитIулаго жиндего расходал росана С. Меликовас. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул Администрациялъул ва Правительствалъул вакилзаби, РДялъул ветераназул общественалъул гIадамал, Муфтияталъул церехъаби, республикаялъулгун районазул бутIрул, гьединго Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовги.

Ифтар рагьулаго Унсоколо районалъул имам М. ГIабдулвахIидовас ифтаралде рачIаразе гьарана рекъел ва сахлъи. Гьенирго ахIана гIемерал тIаса рищарал нашидал, бицана имам Шамилил гIумроялъул нухалъул.

Жиндирго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна Дагъистаналъего кIвар бугеб гьединаб тадбир районалда гьабиялъе гIоло С. Меликовасе. «Биччанте ТIадегIанав Аллагьас нилъер лъикIал гIамалал къабул гьаризе. Аллагьас нилъ хадусел саназдаги данде ахIаги гьадинан тадбиралгун гьаб хирияб ракьалде. Аллагьас рокъоре тIад руссинареги нилъер рагъда ругел лъимал сах-саламатго ва бергьенлъигун!» ян бихьизабуна бетIерас.

Гьениб рагъухъабазул лъималазе регионалъул БетIерасул рахъалдасан кьуна сайгъаталги.

Рамазан моцIалъул ахирисеб анкь бищунго хирияб буго бусурбабазе. Гьениб жаниб бугелъул Лайлатул Къадр. Гьелъулъ щивасул гьарараб къабул гьабеги, щивав квешабщиналдаса цIунаги!

Хирияб ракьалда кIал биччана гIемерал тIагIамал нигIматалги цере тIиритIун. Садакъа-къулгъугун гьенире ракIарун рукIана тIадехун ругел гIемерисел районазул гIадамал.

Данделъи

## Могьохъ ГЭС баялда хурхун



Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас данделъи гьабуна Могьохъ ГЭС баялда хурхун. Аслиял суаллъун рукIана Дагъистаналъул Унсоколо ва Хьаргаби районазул гьеб базе бугел ракьазул гIорхъаби чIезари.

Гьениб бицана Могьохъ ГЭС базе бугеб ракьазул бетIергьаби чIезариялъул, гьезул ихтиярал цIуниялъул, недвижимосталъул цогояб реестралъул (цебе букIараб цогояб пачалихъияб ва гьелъул ахIвал-хIал), цере хIисабалде росарал, амма цойиде ккезаричIел ракьул участкабазул координат чIезаби, гьел хIалтIизариялъе ихтияр букIинабизелъун. Бицана ракьул участкаби «Промышлиносталъул, энергитиялъул, траспорталъул, бухьеналъул, радиовещениялъул, телевидениялъул, информатикаялъул, космическиял ишазул, оборониялъул хIинкъи гьечIолъиялъул» категорияллъун гьари ГЭС балелде цебе. Унсоколо Хьаргаби муниципиалиял гIуцIа базул росабазул саветаз гьел территориязул гIорхъаби чIезаризе ккеялде кIвар бусинабуна, ракьул участкабазул рыночниял багьаби чIезаризе ккеялде кIвар бусинабуна.

Данделъиялда гIахьаллъана Хьаргаби росдалрайоналъулбетIерМ-ГIТIагьиров, гьебгорайоналъулКъудукьросдалбетIер ГI. МухIамаддибиров, Хьаргаби районалъул ракьул ишазул специалист Ю. Абулмуъминов, ракьул ишазул МКУялъул специолист Ш-М. ШагIбанов, Ставрополалъул ва КЧРалъул МГЭС ОООялъул исполнительнияв директор А. Хузмиев.

«УК Гидро ОГК» АОялъул ва «УК Гидро ОГК ЮгIалъул» буголъиялъул ихтияразул ракьалъул начальник Максим Ахрамеев.

Данделъиялъул хIасилазда рекъон иш тIаде кколезе ахиралда кьуна хасал тIадкъаял.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 19 (7575)
хамиз
20 апрель 2023 сон



I8 апрелалда Дагъистаналъул Правительствалъул сайталда республикаялъул премьер А. Абулмуслимовасул информация къватIибе бачIана кадровиял хиса-басиязда хурхун.

РДялъул миллияб политикаялъул министрасул заместительлъун тIамун йиго Жанна ТIагьирова. Гьединго РДялъул транспорталъул министрасул тIоцевесев зам. ГIалибег ГIалибегов эркен гьавуна тIоцевесев замасул бакIалдасан. Лъица гьесул бакI ккелабали жеги лъалеб гьечIо.



Информация для граждан

## О новой поддержке социальных категорий

ГКУ РД «УСЗН в МО «Унцукульский район» информирует граждан, о том, что принято Постановление Правительства Республики Дагестан от 1 марта 2023 года № 47 «Об утверждении Порядка предоставления субсидии отдельным категориям граждан, проживающих в Республике Дагестан на покупку и установку газоиспользующего оборудовании и проведение работ внутри границ их земельных участков в рамках реализации мероприятий по осуществлению подключения (технологического присоединения) газоиспользующего оборудования и объектов капитального строительства к газораспределительным сетям при догазификации».

Данным Постановлением в целях оказания адресной социальной помощи отдельным категориям граждан в рамках догазификации Республики Дагестан введена еще одна мера социальной поддержки граждан в виде единовременной денежной выплаты на оплату расходов связанных с приобретением, установкой внутридомового газового оборудования и проведением газопровода внутри земельного участка, отдельным категориям граждан, проживающих в Республике Дагестан, заключивших после 31 декабря 2022года договор о подключении (технологическом присоединении) газоиспользующего оборудования к сети газораспределения в рамках догазификации.

Выплата предоставляется следующим категориям граждан, постоянно проживающих и зарегистрированных по месту жительства в принадлежащих им на праве собственности жилых помещениях, на дату обращения, заключивших с газораспределительной организацией договор о подключении (технологическом присоединении) к сетям после 31 декабря 2022 года:

а) участники и инвалиды ВОВ, инвалиды боевых действий, члены семей погибших (умерших) участников и инвалидов ВОВ и инвалидов боевых действий, участники ВОВ, ветераны боевых действий;

б) многодетные семьи - семьи, имеющие 3 и более детей в возрасте до 18 лет;

в) малоимущие граждане, малоимущие семьи с детьми, малоимущие одиноко проживающие граждане – граждане со среднедушевым доходом, не превышающим величину прожиточного минимума, установленного в РД, члены (один из членов) семьи которых являются собственниками жилых помещений.

Данная мера социальной поддержки предоставляется вышеуказанным категориям граждан однократно и не более чем на одно жилое помещение в размере фактических расходов, но не превышающих 100 000 (сто тысяч) рублей.

Деньги перечисляются на счет газораспределительной организации согласно договору о подключении (технологическом присоединении).

**Тел. для справок: 8988 468 2260 – Абдурахманова**

## ОМВД России по Унцукульскому району информирует

В период с 3 по 7 апреля 2023 года на территории обслуживания ОМВД России по Унцукульскому району проведены оперативно - профилактические мероприятия под условным наименованием - «Рецидив».

Целями данных мероприятий является предупреждение преступлений, совершаемых ранее судимыми лицами, состоящими на профилактических учетах органов внутренних дел ОМВД России по Унцукульскому району, осуществление проверками всех лиц, состоящих на профилактических учетах, а также состоящих под административным надзором и лиц, формальноподнего подпадающих. В рамках ОПМ «Рецидив» сотрудники полиции совместно с инспектором уголовно-исполнительной инспекции провели рейдовые мероприятия среди профилактируемых лиц всех категорий, провели с ними профилактические беседы, разъяснили им ответственность за неисполнение обязанностей, возложенных судом, а также за совершение преступлений и административных правонарушений. С положительной стороны хочется отметить работу участковых уполномоченных полиции, которые помимо проверки соблюдения административных ограничений, особое внимание в ходе рейда уделили социальной адаптации ранее судимых лиц.

Провели разъяснительную работу в соответствии с действующим уголовным законом, о том, что рецидивом преступлений признается совершение умышленного преступления лицом, имеющим судимость за ранее совершенное умышленное преступление и его последствия для ранее судимого лица.

Кроме этого, в рамках оперативно-профилактического мероприятия в на учет поставлено 5 раннее судимое лицо.

Благодарим за сотрудничество!

**Врио начальника ОМВД Россиипо Унцукульскому району, подполковник полиции**
**А. З. Магомедов**

# «Россия лъугьине буго дуняламалъулго хIакимлъун!»

(Жакъасеб гIумроялъул хIакъалъулъ Болгарай Вангал рихьизариял)



***КинабгIаги къуват гьечIо Россия биххизабизе кIолеб. Россия лъугьине буго дунялалъулго кверщел кодосеб хIукуматлъун.***

*«Россия ккола славяназул улкабазул «эбел». Гьелдехун мугъ рехарал гьелъухъе тIад руссине руго цIияб сипатгун. Ахир-къадги жиб къуватаблъун лъугьиналде рачине ругел реформабазул нухдаса Россия къуризе гьечIо».*

*Киналго мукIурлъизе руго гьелъул рухIияб тIокIлъиялъе. Гьездаго гъорлъ Америкаги. Гьеб ккезе буго 45 сонидасан.*

**«… Цо замана бачIине буго гIадамазул кинабго букIине бугеб, амма бищунго къуватаблъун жиб кколеб хIакъикъияб бечелъи – гьудуллъи, рокьи, гурхIел ва рахIму буголъи бичун босизе гьезда кIолареб.**

**Мискинлъи ккола тIегь, бечелъиялдаса рохун рукIунге! Мискинлъиялъ рохел бачIуна лъималазе, гьудулзабазе ва гIага-божаразе. Бечелъиялъ ракI унтизабула».**

<u>Гьаб заманалда лъугьине бегьулеб:</u>

**ТIабигIиял балагьал**

«Ракьалде кIанцIизе руго лъинал, дунялалда ккезе руго гIемерал тIабигIиял балагьал, нухмалъулел хъулухъалда рукIине руго ахIмакъал гIадамал, цIогьал, гIемерлъизе руго саяхъал, законазул тIалабал гьаруларел гIадамал».

«Нужеда лъалищ чанго сонидасан щиб ккезе бугебали? РукIине руго ракь багъариял, ккезе руго цIаял ва цогидалги балагьал лъугьа-бахъинал. ГIемерал гIадамазе ккезе руго къварилъаби, хIайваназул, гIиязул ва цIаназул гьан букIине буго кваназе бегьулареблъун.

ГIадамал хьвадизе руго ретIел-хьит гьечIого. ГIумру гьабизе буго ракъун, букIине гьечIо электрикияб канлъи ва хинлъи».

**«Лъадал багьа букIине буго меседалдаса хирияб»**

«ХIалтIизаруге ракь беэн гьарулел химиялъул жал, гьез гьанкъизабулеб буго тIабигIат. Цо къо бачIине буго ракьул гьумералдаса батIи-батIиял хурдул тIагIунеб. ТIоцебесеб иргаялда тIагIине руго пер, ражи-пер ва пил-пил. Цинги тIагIине руго наял, рахь букIине буго гьекъезе заралияблъун».

«Ракьалда гъоркь бугебщинаб месед бачIине буго ракьалде тIаде, лъинин абуни ине буго ракьуде гъоркье».

«Лъадал багьа букIине буго меседалдаса хираго. Амма гьеб ахIвал-хIал цо заманалдасан хисизеги буго».

**Унтабазул хIакъалъулъ**

«Раккизе руго гьанжелъизегIан тIатун рукIинчIел унтаби. Церехун унтун рукIинчIел гIадамалцин, кинабгIаги гIиллаги гьечIого къотIнор гIодор ккезе руго. Амма гьелдаса цIунизе кIола. Кинабго буго нужерго кверщаликь».

«Батизе буго СПИДалъе дару. Амма баккизе буго рак ва СПИД унтабаздасаги хIинкъи цIикIкIараб цоги унти».

«ГIадамал риха-хочун лъугьине руго гьеб унтиялъе дару балагьизе. Амма ТIадегIанасул кумекалдалъун гьезда аскIобго ва гьезулъ жиделъго гьеб букIаниги, гьеб гьезда батизе гьечIо».

**ТIадегIанасул хIакъалъулъ**

«ТIадегIанасда божичIого нужее бокьун буго гьес кумек гьабизе».

«ТIадегIанас дунялалъе кьуна кинабгIаги къуваталда хвезабизе, бекизабизе кIолареб гучаб ярагъ – эркенлъи. Гьединлъидал, инсанас жинцаго хIукму гьабула лъие хъулухъ гьабилебали».

**ГIагараздехун рокьи**

«ТIадегIанасда гьарде, инсанасда гурхIа,-ян, гурони гIагараздехун бугеб рокьукълъиялъ гIакълу биххизе бегьула».

«ХIаракат бахъе гIадамазе лъикIлъи гьабизе. Инсан вижун вуго лъикIал ишал гьаризе. Квешал ишазухъ тамихI гьабичIого хутIуларо. Бищунго кьвараб тамихI гьабула квешлъи гьабуразе гуреб, гьезул наслуялъе. Гьебин абуни рекIеда унтула жеги цIикIкIун».

**ГIарцул хIакъалъулъ**

Цо-цоязда ракIалде ккола гIарцухъ рокьиги босизе бегьулилан. Амма гIарцухъ бичун босизе гьеб щоларо. Цогидаз рикIкIуна бечелъидал талихIаллъун лъугьине ругилан. Гьебги битIараб гьечIо. Инсанас хIаракат бахъула гIарцул, къайи-цIаялъул нахърател гьабизе ва гьеб гьабулаго хвезеги хола, гьесул кинабго бечелъиги цогидазе хутIула. ГIумруялъ нахърател гьабуразе гьеб хIалтIизабизе щоларо. Гьединлъидал, дица абила: «ГIарцул нахърател гьабуге! Гьеб щибаб къоялъ харж гьабе!».

«Дуца садакъа кье чIаго вукIаго, дуе гьелъухъ шапакъат щвезе буго доб ахираталда. Гьаб дунялалда дуца щибниги кьечIони ,ахираталда дуеги щибниги щвезе гьечIо».

«ГIадамазда гIакъуба-гIазаб бихьула ва талихI къосараллъун рукIуна гьабураб квешлъи кIочонгутIиялъ ва гьелда тIаса лъугьине лъангутIиялъ».

**Эбелалъул хIакъалъулъ**

«Нужеда лъазе ккола лъимер гьабун хадуб нуж нужерги ихтиярalда рукIунареллъи, лъималазул ихтиярalда рукIунеблъи. Нуж жавабиял руго гьезие сийгъат гьабураб гIумроялъухъ».

«Лъимер гьабулеб гьечIони, гьеб цогидазул бачун нужееgo хьихьизе бегьула. Лъимер гьабурай эбелалъего гIадинаб шапаг1ат щвезе буго гьел хьихьаразеги».

«Заман бачIине буго руччабаз гурел, гIицIго ясаз лъимал гьарулеб»

(Ахир 4 гьумералда)

Ахихъан
Районалъул газета
№ 19 (7575)
хамиз
20 апрель 2023 сон

3 гьумер

Садовод

Страница в номере



Здоровье

# Рак: главное не пропустить

Сегодня отмечается увеличение заболеваемости раком во всем мире. Каждый год от онкологических заболеваний умирают около 9 млн. человек и ежегодно диагностируют 14 млн. новых случаев. Когда речь идет об онкологических заболеваниях, особую важность приобретает ранняя диагностика. Если рак диагностируется в начале развития, в 90-98 % случаев наблюдается благоприятный прогноз.

Самое коварное в этой болезни, то что эта болезнь протекает без всяких настораживающих внешних проявлений.

В диагностике заболеваний-в том числе, онкологических – есть несколько ключевых понятий: скрининг, раняя диагностика, диспансеризация и самообследование.



**Скрининг** – организованное обследование здоровых людей, которое помогает выявить заболевание на ранних стадиях, когда симптомов нет. В онкологии скрининг показан пациентам, которые входят в группу риска развития рака:

- Возраст: чем старше, считается, тем выше риск заболеть.

- Пол (у женщин-рак шейки матки, у мужчин-рак предстательной железы)

_ Семейная история болезни: если среди кровных родственников случаи рака.

-Взаимодействие с вызывающими рак агентами: табачный дым, производственные канцерогены и др.

В соответствии с законом принятым в 2013г, каждый взрослый человек в нашей стране имеет право на бесплатную диспансеризацию в поликлинике.

**Диспансеризация**-это комплекс мероприятий, включающий в себя профилактический медицинский осмотр и дополнительные методы обследования, целью которых является ранее выявление распространенных хронических заболеваний. Именно при диспансеризации проводятся обследования, которые стоит проходить регулярно для ранней диагностики онкологических заболеваний.

Какие профилактические обследования стоит проходить регулярно?

- Флюорография-1р в год.

- Маммография- 1р в 2 года после 39 лет.

- Цитологическое исследование шейки матки- 1р в 2 года.

- Анализ кала на скрытую кровь – 1р в год после 50 лет.

- Анализ крови на онкомаркеры (ПАС- у мужчин, СА- 125 – у женщин).

- Осмотр гинеколога – 1р в год (обязательно!).

Скрининг и диспансеризация требуют взаимодействия с медицинскими организациями. А вот **самообследование**- осмотр тела- можно проводить дома самостоятельно:

- Появилась новая родинка на теле и подозрительные изменения кожи? – запишись например к онкологу.

- Нащупали уплотнение под кожей ( особенно в области молочных желез у женщин)?- наберите к онкологу.

- Заметили кровь в моче или кале?-и снова без продления к доктору.

Пора перестать воспринимать врача- онколога как вестника смерти. Напротив – это доктор должен стать для вас гарантом долгой и красивой жизни. Ни один онколог не будет вас ругать за ложное обращение. Не стоит избегать осмотров специалиста и игнорировать необъяснимые симптомы: похудение, отсутствие аппетита, резкую потерю зрения, кашель с кровью, кровянистые выделения при акте дефекации, язвочки во рту, которые не заживают уже несколько месяцев.

Прохождение профилактических медицинских осмотров очень важно, но не менее важно исключить все возможные факторы развития рака: табачный дым, алкоголь, ультрафиолетовое излучение, канцерогены в пище (консерванты, красители, жиры растительного и животного происхождения, подвергшие многократному нагреванию). Поэтому очень важно отказаться от вредных привычек и вести здоровый образ жизни.

Берегите себя и своих близких! **Не пропускайте ежегодную диспансеризацию!**

**У. Магомедгаджиева**
**врач- онколог**

# Информирование о правах граждан на получение бесплатной медицинской помощи в рамках программ ОМС, новациях базовой программы ОМС на 2023г., в т.ч. в части повышения приоритетности первичной медико-санитарной помощи, доступности специализированной и высокотехнологичной медицинской помощи

Граждане Российской Федерации имеют право на получение медицинской помощи в рамках программы ОМС. К ним относятся первичная медико-санитарная помощь, в том числе доврачебная, врачебная и специализированная, высокотехнологичная медицинская помощь, входящая в список видов специализированной медицинской помощи, экстренная скорая медицинская помощь, в том числе скорая специализированная, паллиативная медицинская помощь в мед. организациях. Правительство ежегодно утверждает Программы государственных гарантий оказания медицинской помощи, перечень которых постоянно расширяется. В целях обеспечения прав граждан на получение бесплатной медпомощи, Закон (вчастности, подпункт 3 части 1 ст. 79 Закона «Об основах охраны здоровья граждан в Российской Федерации»), среди обязанностей медицинской организации устанавливает обязанность проводить информирование паци-ентов о возможности получения медицинской помощи в рамках программы государственных гарантий бесплатного оказания пациентам медицинской помощи и территориальных программ госгарантий (далее ТПГГ) бесплатного оказания пациентам медицинской помощи. Информировать пациентов можно за счет размещения информации на сайте частной клиникии на стенде, в доступном для посетителей. Следует обратить внимание, что размещение информации для пациентов о наличии государственных гарантий вовсе не означает, что сама частная клиника обязана оказывать такие услуги бесплатно. Гарантированная бесплатная медицинская помощь в соответствии с Территориальной

Программой осуществляется в медицинских организациях осуществляющихсвоюдеятельностьвсистемеОМС.ЦельОМСобеспечить каждому гражданину РФ при наступлении страхового случая (болезни, травмы, родов…) медицинскую и лекарственную помощь в объеме и на условиях программы ОМС. ВАЖНО! Своевременное информирование пациентов о бесплатном лечении по ОМС - залог отсутствия конфликта. Если Ваши права на получение бесплатной медицинской помощи были нарушены – Вам необходимо обратиться за помощью в свою страховую медицинскую организацию, выдавшую Вам полис ОМ Нарушениями прав граждан на получение бесплатной медицинской помощи в системе ОМС считаются:

- незаконное взимание врачами и средним медицинским персоналом медицинских организаций денежных средств за оказание медицинской помощи, предусмотренной Программой государственных гарантий;

- приобретение пациентами за счет личных средств в период стационарного лечения лекарственных средств и изделий медицинского назначения из утвержденного ТП ГГ перечня жизненно необходимых лекарственных средств и изделий медицинского назначения;

- несоблюдение сроков предоставления плановой меди-цинской помощи, установленных ТП ГГ, при наличии направления;

- отказ в плановой госпитализации при наличии направления или в экстренной ситуации;

- не проведение необходимых обследований или консультаций специалистов по направлению врача;

- направление врачами амбулаторной сети в коммерческие медицинские организации для выполнения за счет личных средств граждан исследований, предусмотренных в рамках ТП ГГ медицинскими организациями, по ОМС.

Отказ в оказании медицинской помощи в соответствии с программой государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи и взимание платы за ее оказание медицинской организацией и работниками не допускаются.

Медицинская помощь в экстренной форме оказывается безотлагательно и бесплатно. Отказ от оказания экстренной медицинской помощи не допускается ни при каких обстоятельствах. Это касается и помощи детям до одного года, даже если у их родителей нет полиса ОМС или регистрации. Беременные женщины также могут обратиться в любую консультацию или родильный дом без документов.

Все обращения граждан регистрируются и рассматриваются, по всем поступившим письменным жалобам проводится экспертиза, по результатамкоторой решаются вопросы досудебного урегулирования спорных ситуаций.

***Буйнакский филиал ТФОМС***

# Основные требования Правил пожарной безопасности

• не оставляйте без присмотра включенные в электросеть бытовые электроприборы;
• следите за неисправностью электропроводки, не пользуйтесь поврежденными электроприборами, электро-розетками;
• эксплуатируйте электро-приборы в соответствии с требованиями инструкций по эксплуатации заводов-изготовителей;
• не включайте в одну электророзетку одновременно несколько мощных потребителей электроэнергии, перегружая элект-росеть;
• не эксплуатируйте электро-светильники со снятыми защитными плафонами;
• не пользуйтесь в помещении источ-никами открытого огня (свечи, спички, факела и т.д.);
• в квартирах жилых домов и комнатах общежитий запрещается устраивать различного рода производственные и складские помещения, в которых
применяются и хранятся пожароопасные и взрывопожароопасные вещества и материалы;
• запрещается хранить в квартирах и комнатах общежитий баллоны с горючими газами, емкости с легковоспламеняющимися и горючими жидкостями и т.д.;
• запрещается загромождать пути эвакуации (лестничные клетки, лестничные марши, коридоры) различными материалами, изделиями, оборудованием;
• устраивать в лестничных клетках и поэтажных коридорах кладовые (чуланы), а также хранить под лестничными маршами и на лестничных площадках вещи, мебель и другие горючие материалы.

**Пожар в квартире**
**Чего нельзя делать при пожаре в доме (квартире):**

• бороться с пламенем самостоятельно, не вызвав пожарных (если Вы не справились с огнем за несколько секунд, его распространение приведет к большому пожару);
• пытаться выйти через задымленный коридор или лестницу (дым очень токсичен, горячий воздух может также обжечь легкие);
• опускаться по водосточным трубам и стоякам с помощью простыней и веревок (если в этом нет самой острой необходимости, ведь падение без отсутствия специальных навыков почти всегда неизбежно);
• прыгать из окна (начиная с 4-го этажа, каждый второй прыжок смертелен).

**Необходимо:**

• Сообщить в пожарную охрану по телефону 101 или 112 (с сотового).
• Выведите на улицу детей и престарелых.
• Попробуйте самостоятельно потушить пожар, используя подручные средства (воду, стиральный порошок, плотную ткань, от внутренних пожарных кранов в зданиях повышенной этажности, и т.п.).
• При опасности поражения электрическим током отключите электроэнергию (автоматы в щитке на лестничной площадке).
• Помните, что легковос-пламеняющиеся жидкости тушить водой неэффективно. Лучше всего воспользоваться огнетушителем, стиральным порошком, а при его отсутствии мокрой тряпкой.
• Во время пожара необходимо воздержаться от открытия окон и дверей для уменьшения притока воздуха.
• Если в квартире сильно задымлено, и ликвидировать очаги горения своими силами не предоставляется возможным, немедленно покиньте квартиру, прикрыв за собой дверь.
• При невозможности эвакуации из квартиры через лестничные марши используйте балконную лестницу, а если ее нет, то выйдите на балкон, закрыв
плотно за собой дверь, и постарайтесь привлечь к себе внимание прохожих и пожарных.
• По возможности организуйте встречу пожарных подразделений, укажите на очаг пожара.
• Рекомендуем Вам заранее застраховать себя, свое имущество на случай пожара и хранить документы, деньги в месте, известном всем членам Вашей семьи на случай внезапной эвакуации при пожаре.

# ГъазимухIамадов МухIамад ГIалиевич



Гьаб соналъул I4 апрелалда къокъаб ва захIматаб унтудаса хадуб нилъедаса ватIалъана ансадерил мустахIикъав вас, щивасе кумекалъе хIадурав инсан, МухIамад ГъазимухIамадов.

МухIамад ГъазимухIамадов гьавуна Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи ГIалиев ГъазимухIамадил ва ГIалиева ХIалиматил хъизаналда I955 соналда. МухIамадица I0 класс лъугIизабуна Унсоколо гьоркьохъеб школалда, цIалана ДГУялда, хIалтIана Унсоколо райком комсомолалда кIиабилев секретарьлъун, хадув обком комсомолалда. Гьенисан вачана ОМВДялде министрасул замлъун. Ахирияб заманалда хIалтIулев вукIана гьенивго министрасул кумекчилъун.

МухIамад вукIана ракI разияв, аскIор ругезе кумекалъе хIадурав, киналго лъикIал ишазе байбихьи лъолев, ракI гIатIидав ва махсаро-хочI гIемерав вас, ай компаниялъул ракI. ЛъикI цIалулаан школалда, цIалул заведениязда, рукIана гIемерал гьудулзаби.

М. ГъазимухIамадовасул захIматалъул нух унеб бук1ана Дагъистаналда вагьабизм тIибитIараб I985-90 саназда. АхIвал-хIал квердаса борчIулеб заманалда Генуб росулъе «ЧIегIераб акула» биччалин суал цебе лъедал «Дир районалда гьеб жо гьабуге»,-ян данде чIана ГъазимухIамадов. Лъазабуна гIемерал гIайиб гьечIезе зарал ккезе рес бугин. Амма лъачIо гьес районалъеги росдаеги гьабулеб кумек. Доб хIалуцараб заманалда экстремистаз чIвана гьесул вас, гьесул кверкьеялде рачIунаго живго кьвагьана МухIамадие гъараде вачIунев чи. Гьезго чIвана МухIамадил вац Зайирбегги.

Гьаб ихдалил къоялъ нилъедаса ватIалъана бажари бугев, вижараб район, гьелъул гIадамалги рокьулев инсан.

М. ГъазимухIамадовасул классцояз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьесул вацал МухIамадгIалида, ХIамзатида, АхIмадида, яцал ПатIиматида, ГIайшатида ва тIолабго гIагарлъиялда

**МухIамад**
Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги!
**Мух1амадил классцоял**

# «Россия лъугьине буго дунялалъулго хIакимлъун!»

**Къисматалъул хIакъалъулъ**

«Гьаб дунялалде киналго рачIуна жиде-жидер къисматгун. Щивасе хъван букIуна лъикIабги квешабги къисмат. КигIанго ракI гъанцIулеб гьеб букIаниги, дуда бихьизе хъвараб жо хисизабизе рес букIунаро. Къисматалдаса рорчIизе бакI гьечIо».

«Бикъулесул гIарз букIине буго сахлъи лъикI гьечIилан». «Бикъулесе ТIадегIанасул шапагIат щвезе гьечIо».

**ГIемер кванаге**

«ГIемер кванаге! Черхалъе гIемераб жо хIажалъуларо. ХIажалъулеб букIарабани ТIадегIанас бижизе букIана кIиго кванирукъ».

«Кванай лъикIал кьеразул нигIматат. Гьекъе даруял хурдузул чай. ХIаракат бахъе беэнаб квен дагь кваназе. ЦIикIкIун кванай овощал ва пихъал. Бекье огоб, сахлъи цIунизе ва гIумро халатаб букIине ккани, гIадамаз цIикIкIун кваназе ккола огобалъул чед».

**Ургъел-къарилъабазул хIакъалъулъ**

«Къварилъи ккун бугониги, ургъалида рукIаниги, гьелдаса разилъунгутIи загьирлъизе биччаге. Гьелъ жанисан рацIцIад гьарула. Нилъеда лъалелъул бацIцIалъизе ккани къайи-цIа чуризе кколеблъи».

«Риидал хIатIида гIицIго хьваде, ракьалъулгун бухьен къотIизе тоге. Гьедин нужеца нужго цIунизе руго хасало унтиялдаса». «ХIалтIе къасе гурел, радалги къадги ТIадегIанаб къуваталъ къасде кумек гьабуларо, гьеб гьечIогойин абуни, щиб букIаниги кIудияб иш гIуцIизе кIоларо».

«Дуе ТIадегIанас чIобого кьуна махщелгьунар ва дуцаги гьеб чIобого тIад буссинабизе ккола гIадамазе».

**Вангал ахирисел рагIаби**

«ЦIакъго гIемераб жо букIине бокьуге, нужехъа бажаризе гьечIо бецIун кьезе».

ГIадамаз гьабула квешлъи, гьезие цIакъго рокьула жалго, гьел цIогьодула, гьез гуккула, цоцаца чIвала. Дица гIемер такрар гьабула нилъеда хадуб хал кколев щив вукIаниги зодов вугилан. Гьев ккола Т1адег1анисев.

**Макъалаялда хIалтIизарун руго**
**Женя Костадиновалъул**
**«Ванга» абураб тIехьалдаса материал.**


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 Подписано в печать - 4. 11. 2023 г. 16. 20 фактически -17. 50 мин. ........................................ Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1002 экз. |